АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№21 (9909)
РУЗМАН
5 июнь 2020 сон
13 ШАВВАЛ 1441 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## Кумекалъул къокъа



**3 июналда нилъер районалде щвана Президентасул тIадкъаялда рекъон ритIун рачIарал МЧСалъул подразделениялъул хIалтIухъаби. Гьалбал ккола Волжский шагьаралдаса гIадамал хвасар гьарулеб отрядалъул къокъа. Гьез кIиго къоялда жаниб цIикIкIун гIадамал щолел бакIазда гьабуна дезинфекция. Гьел хIалтIаби тIоритIана 26 аслияб объекталда. Гьезда гьоркьор мажгитал, хIухьбахъиялъул парк, школал, больницаби ва гь.ц.**

Кумекалъул къокъаялда гьоркьов вукIана 16 чи ва техникаялъул 2 единица.

Гьалбал къабул гьаруна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. ДандчIваялда цебе лъуна чара гьечIого гьабизе кколеб хIалтIул суал, гьанжелъагIан гьабураб хIалтIул баян. «Ниж рохарал руго нуж киналго хъизан-рукъги тун, Шамил районалъе кумекалъе рачIине разилъаралдаса. Росдал бегавулзабигун цадахъ рекъон хIалтIиялъ, кIвана коронавирусалъул хIалуцин дагьлъизабизе.»-ян абуна М.ХIасановас гьалбадерие баркала кьолаго.

Гьалбадерие рега-рахъине ва квен-тIехалъе чIезарун руго киналго шартIал.

Давуд ДАВУДОВ





*Лъайкьеялъул бутIаялда*




*Милъиршо*




■ РОКЪОРЧIА

## Гьаб ахIвал-хIалалъе хIажатаб хIалтIи

**Жидерго ругьунаб чваххиялда унеб гIумруялда чIванкъотIарал хиса – басиял ккана коронавирус тIибитIиялъул гIиллаялда. РагIизабуна тIолго Россиялдаго карантин. ЦIакъго чара гьечIеб къваригIелалъ гурого къватIире рахъунгеян лъазабуна. Амма бищун хIинкъи цIикIкIараб, хIалуцараб ахIвал – хIалалъул заманалда, жидеца гьабураб хIукмуялда районалъул жамагIаталъул сахлъи ва гIумру бараблъун буго 18 марталда гIуцIараб, Шамил районалъул оперативияб штабалъул хIалтIиялда.**



Щибаб анкьида жаниб кIиго нухалъ гьабула оперативияб штабалъ данделъи. Аслияб суал – районалда вирус тIибитIиялде данде рагъ бай. Араб анкьида гьабураб данделъиялда районалъул бетIер М.ХIасановас бицана районалъе росарал вирусалдаса цIуниялъе ретIунеб 50 формаялъул. Гьес амру гьабуна формаби росабазе рикьизе, хварав чи чурулез ва дезинфекционниял хIалтIаби гьарулез ретIизе.

Щибаб данделъиялда районалъул бетIерав врач И. Халиловас бицуна коронавирусалъ ва пневмониялъ унтаразул къадаралъул. 3 июналда тIобитIараб данделъиялда унтаразул къадар букIана 13 COVID ва 37 пневмония, Халиловасул баяназда рекъон.

Камулеб гьечIо гьабулеб хIалтIуе цо-цо квал-квалалги. Нилъер районалдаса анализал Буйнакскиялъул лабораториялда гьарулел рукIана цо гьоркьоб заманалъ, ва гьелъ хIасилал хехго лъаялъеги рес кьолеб букIана. Амма жибго гьеб лабораториялъул хIалтIухъабиги унтун, гьанжеги заман цIалеб буго анализазул хIасилал лъазе.

Районалъул штабалда цадахъго гIуцIун руго росабалъги оперативиял штабал. Цадахъаб рекъонккарал хIукмабазул ва хIалтIиялъул мурад буго жамагIат цIуниялъе гIоларел рахъал хехго загьир гьари ва гьелда тIад хIалтIи.

Районалда бугеб ахIвал – хIалалъухъ балагьун, штабалъ щибаб данделъиялда хисула гьабулеб хIалтIул низам. Жакъа къоялде нилъер районалда унтаразул къадар дагьлъун гьечIо. Хасго гьел цIикIкIун руго ХIебда росулъ. Гьединлъидал, росабалъе унел нухазда лъурал постал рахъизе заман щун гьечIо.

Райадминистрациялъул ва сахлъи цIуниялъул нухмалъулез районалъул жамагIаталде хитIаб гьабулеб буго рокъор чIаян.

**ГIайшат НУРМУХIАМАДОВА**

■ СОЦИАЛИЯБ ТIАЛАБ




# Кумек хIажатазе квербакъи

**Ресукъазе, лъимал гIемеразе кванил нигIматазул 300 ящик Шамил районалде битIун бачIана ДРялъул захIматалъул ва цебетIеялъул министерствоялъ.**

Гьал къоязда районалъул киналго росабалъе гьел щвезаризе хьвадана КЦСОНалъул хIалтIухъаби. Тадбиразул мурад буго хадур балагьизе чи гьечIел, ресукъалъиялда ва халат бахъарал унтаби ругел районцоязул ахIвал-хIал лъазаби, гьезие хIажатаб кумек гьаби. ЗахIматалъул ветераналги кIоченчIо районалъул ва республикаялъул сахлъи цIуниялъул профсоюзалъул комитетазда.

ТIолгороссиялъул халкъияб фронталъул (ОНФ) ва «Живи и дари жизнь другим» сахаватлъиялъул фондалъул рахъалдаса гIадамазе КЦСОНалъул хIалтIухъабаз кьуна кванил нигIматазул наборал.

НИЖЕР МУХБИР



■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# «КIудияб перемена» къец




**28 марталда байбихьана 8-10 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб «КIудияб перемена» абураб къец. Къецазда гIахьаллъиялъе хьвай-хьвагIай гьабизе ккола 23 июналде щвезегIан. (БольшаяПеремена.онлайн) Къецазул аслияб мурад буго щивав цIалдохъанас жиндирго махщел рагьи ва дурус гьаби.**

гIахьаллъарал 1200 цIалдохъанасе кьола «Артек» хIухьбахъиялъул лагералде путевкаби.

Гьел къецазде цIалдохъаби хIадур гьарурал мугIалимзабазе рес буго жидерго махщел камил гьариялъул курсазда чIорого цIализе. Гьелдаго цадахъ бергьенлъи босарал цIалдохъабазул школалъе кьола 2 миллион гъурущ.

Къецал тIоритIула 10 батIияб




тематикияб рахъалда. Къецазул тIоцебесеб бутIа хурхараб буго интернеталдаса гьарулел тIадкъаял тIуразариялда. Къецазда бергьенлъи босарал 10 классазул 300 цIалдохъанасе щола 1 миллион гъурущ ва ЕГЭялъул гIаммал баллазде тIадеги 5 балл. 8-9 классазул 300 цIалдохъанасе 200 азарго гъурущ. Финалалда

Нилъер районалъул цIалдохъабазулги, гьеб къецалда жигараб гIахьаллъи бугилан баян гьабуна лъайкьеялъул отделалъул специалист ХIамзат ХIамзатовас.

Къец тIобитIулеб буго РФялъул лъайкьеялъул министерствоялъ ва гIолилазул ишазул Федералияб агентствоялъ.

# Исанасел экзаменал кьеялъул хаслъи

**ЛъагIелалъ цебеги лъиданиги ракIалде ккун букIинчIо 2019/20 цIалул соналъ 9 ва 11 класс лъугIиялъул хIасилалда экзаменазул хаслъи букIинилан. Гьелъие гIиллалъун ккана тIолго дунялалда коронавирусалъул унти багъарун букIин.**

Гьеб унтудаса цIуниялъе гьаруна чIахIиял хисабасиял. РФялъул лъайкьеялъул министр Сергей Кравцовас ва ДРялъул вице- премьер, лъайкьеялъул министр Умупазиль ГIумароваль бичIчIикьеялъул данделъаби тIоритIана май моцIалъул ахиралда.

Исана 9 класс лъугIаразе букIине гьечIо ОГЭ. Киналго ичIабилеб классал лъугIаразе аслияб школа лъугIиялъул аттестатал кьезе руго лъагIалил къиматазда рекъон. Гьелдаго цадахъ рукIине гьечIо гьоркьохъеб махщалил цIалул идарабазде лъугьунезда гьоркьор экзаменал. Лъимал цIализе росула гIицIго аттестаталъул гьоркьохъеб баллазул хIасилалда.

11 класс лъугIарал цIалдохъабазеги аттестатал кьола 10-11 классалъул лъагIалил къиматалги данде росун. 11 класс лъугIаразда тIадаб гьечIо ЕГЭ кьезеги. ЕГЭялъул хIасилал кваригIуна ВУЗазде цIализе лъугьунезе. ЕГЭ кьеялъул болжал нахъегIан рахъун руго. ТIоцебесеб ЕГЭ кьезе бихьизабун буго 3 июлалъ.

Гьединго гьукъана ахирисеб цIумур ва выпускниказул вечеразул тадбирал. Гьел тIоритIизе лъикIаблъун бихьизабун буго манзилалда чIун, ай телефоназул ва интернеталъул кумекалдалъун.

ЕГЭ кьолел аудиториязда чIезабизе буго пандемиялъул заманалда рекъон рацIцIалъи цIуниялъул хасаб низам. Цо классалда ругел цIалдохъабазда гьоркьоб букIине ккола метрагун бащадалдаса дагьаб гьечIеб манзил. ЦIалдохъаби, ЕГЭялъул организаторал, ГЭКалъул ккола маскабиги ран ва квертIаххелалги ретIун. Щибаб классалда чIезаризе руго санитайзерал, гьединго экзаменалде рачIунелщиназул борцине буго чорхол цIакан. Бищун цIикIкIун гIахьалчагIи рукIунеб гIурус мацIалъул экзамен кьезе буго лъималазул къадар кIийиде бикьун, 6 ва 7 июлалъ.

РФялъул Президент Владимир Путинил тIадкъаялда рекъон, ВУЗазда цIикIкIинарун руго хIукуматалъул сурсатаздаса цIализе росулезул къадар. Гьединго щивав выпускникасул ихтияр буго щуго батIияб ВУЗалде ва щибаб ВУЗалда 3 батIияб махщел тIаса бищун документал кьезе.

ЦIалдохъанасул ЕГЭязул гIаммаб баллалде тIадеги балл щвезе рес буго медалистазе, батIи-батIияб даражаялъул олимпиадабазда призераллъун рахъаразе, ГТОялъул значок бугезе, спорталъул хасал къецазда бергьенлъи босаразе. ГIаммаб къагIидаялъ тIаде жубала цоялдаса анцIгоялде щвезегIан балл.




ВУЗазде цIализе унез документал кьола электронияб къагIидаялъ, ай интернеталъул бухьеналдалъун. ЦIалул идарабазде кьезе кколел документазул оригинал цIалул заман байбихьараб мехалъ кьуни гIола.

Давуд ДАВУДОВ

# Милъирто

## Аллагьасе нилъ киналго хириял руго



Дир хирияв гьитIич, ургъун вихье, чан сон дур гIумруялъул бугеб? Гьеле, гьелщинал соназ цевеги мун жеги гьаб ракьалда вукIинчIо. Мун вижана Аллагьас.

Лъалищ дуда сунде гIоло мунги хутIаралщинал киналго гIадамалги Аллагьас рижаралали?

Аллагьас нилъ рижун руго лъикIабщинаб гьабизе, дунялалда бугебщинаб берцинлъиялдаса рохизе. Пикру гьабе нужецаго ракьалда бугебщинаб хIикматаб гьайбатлъиялъул, берцинлъиялъул: хIанчIазул хIайранал бакънал, тIугьдузул берцинал махIал, ралъдал карачалабазул гьулчи, рогьалилъ баккун бачIунеб бакъул чIоразул гвангъи. Бихьулищ бугеб берцинлъи кьун нилъее Аллагьас, гьадинаб гIатIидаб дунялалда гIумру гьабизе цвеялдаса рохизе ккеларищ нилъ?

Зодихъе бахун унеб бакъ бихьизе, щенон балеб цIадал хIеренаб сас рагIизе, гьудул-гьалмагъзабигун расандизе, гIагарлъиялъул горсверухъ рукIине- гьеб кIудияб рохел гьечIищха, лъимал! Гьеб киналъго нилъее квербакъула Аллагь лъазе.

Эбелалъе цIакъ къиматаб буго жиндирго лъимер, амма Аллагьасе жеги цIикIкIун рокьула нилъ, тIалабги гьабула щивасул. Жиндиего инсан хиралъиялъ Аллагьас нилъее кьун буго гьадинаб гIатIидаб, берцинаб дунялалда эркенаб ва къиматаб гIумру.

### Рецц Аллагьасе

*Дир бабахъги дадахъги,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*
*Дир яцазухъ, вацазухъ,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*

*ХIанчIаз рачунел бакънахъ,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*
*Кьер-кьерал кIалкIучIазухъ,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*

*Хурдузухъгун тIугьдузухъ,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*
*МугIрузухъгун рохьазухъ,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*

*Бакъги моцIги бижарав,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*
*Рии-их нижей кьурав,*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*

*НакIкIазухъ, балеб цIцIадахъ*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*
*ТIолго Дуца кьуралъухъ*
*Рецц Дуе буго, Аллагь!*

**Аллагьасе нилъ рокьулебго гIадин, нилъее Аллагьги вокьизе ккола.**

**П. ГЬИТIИНОВА**

## Балъгояб тIатинчIого хутIуларо

*(Хабар)*

Дида рагIана цеберокъоса эбелалъул гьаракь, гьелъул хитIаб: - Балъгояб тIатинчIого хутIуларо, ян абулеб.

Гьей рокъой жаниехун лъугьарайго дица гьикъана:

- Эбел, «Балъгояб тIатинчIого хутIуларо» абиялъул магIна щиб?

- Гьелъул магIна буго, лъица гьабуниги ритIухълъи гьечIеб гIамал балъго телин ракIалдеги ккун, гьеб лъачIого хутIуларо, ва тамихI гьабичIогоги ворчIуларо, абураб –ян бицана эбелалъ. - БичIчIанищ? Гьанже кьижизе заман щун буго.

Дун цабиги чурун, бусаде вахана, амма гIемераб мехалъ кьижичIо. Кинан гьеб балъгояб тIатунеб? – абурал пикрабаз макьу биччалеб букIинчIо.

Радал тIаде вахъиндал, эмен рокъов вукIинчIо, хIалтIуде ун ватана. Дун, цоги нухалъ цабиги чурун, кваназе гIодов чIана. Цин кванана хоно. Гьеб кваназе гьедигIан захIмат букIинчIо. БагIархоно кванана, эбелалда бихьилаvédухъ, хъалгун цадахъ хъахIхоно, кваначIого гIезе, жубазабун бахъана. Амма эбелалъ босун цебе лъураб каршалъул гъадароялъ дун ургъаликье ккана.

- Кванай! – абуна эбелалъ- хабарги жибго тун.

- Кваназени щайгуреб, бихьизецин бажаруларо, – ян тIирун чIана дун.

- Дуе Кремлялде тира – сверизе вачине бокьун бугищ?

Бокьилалищха, гьелдаса берцинаб бакI дида лъазецин лъаларо. Гьединлъидал дицаги кьуна жаваб:

- ЦIакъ бокьун буго Кремлялде щвезе!

- Гьелеха. Дуца кинабго кванан лъугIизабуни, вачина, – ян дидаги абун, эбел ана цIарагI чуризе.

ХутIана дунги каршги. Кинан гьеб кваналебали лъаларого, дица цин цIцIам бана – бокьичIого, цинги чакар бана – дагьабги тIагIам хисана, кваназего бокьуларедухъ. Щиб гьабилеб? Билълъунаро дида гьеб карш эхебе. КIоларо дида хваниги гьеб кваназе!

- Вай бахIарчи! Гьелеха! ТIубараб гъадаро лъугIизабун буго! Вахъа, ретIе ретIел! Вачина дица мун Кремлялде –ян къочана дида эбелалъ. Гьеб лахIзаталъго нуцIида кIутIана.

- РорчIами! –янги абун, милиционер векерун ана нижер гордухъе.

-Щиб ккараб къваригIел? –ан цIехана эбелалъ.

- Щай нечоларел... ХIукуматалъ нужее кьун буго жаниб гIумру гьабизе рукъ, бихьизабун буго мусор чIехьезе бакIги. Амма нужеца гьеб гордухъа къватIибе тIолеб буго!

- Нижеца гордухъан щибго рехичIо – абун тIирун чIана эбел.

- Кин рехулареб? Гьабеле, жеги бухIунцин буго нужер карш – ян тIагъур бихьизабуна милиционерас. ТIагъуралъул бакьулъ, жаниб ккараб бакIалда чIчIун буго карш.

- Жеги бетIерцин бухIулеб буго – абун тIадеги жубана гьес.

Эбелалъухъ валагьаравго, бичIчIана дие лъикIаб хIасил ккезе гьечIеблъи.

_ Дун унев вукIана сурат бахъизе... РакIалдаго гьечIого бачIана тIаде карш бортун. Кинан гьанже бахъулеб сурат?

- ТIаса лъугьа – ян абуна эбелалъ,- дица гьабсагIат, чурун бацIцIад гьабила -ян вачун ана милиционер цеберукъалдехун.

Лъугьине бакI лъаларого, гьабизе жоги тIагIун хутIана дун. Гьобол нухда регIигун, эбелалдехун абуна: - Эбел, битIун абулеб букIун буго дуца сон: «Балъгояб тIатинчIого хутIуларо» - ян.

Эбел гIемераб мехалъ дир бадие ялагьун чIана, цинги абуна:

- Дуе биччанте гьеб букIине гIумруялъего дарслъун.

**В.Ю. Драгунскияс лъималазе хъвараб хабар Авар мацIалде буссинабуна ГIайшат НУРМУХIАМАДОВАЛЪ**



■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

# Лъадакълъи лъазе течIо



Гъаб хасало цIорой ккарал къояз къотIана росулъе чваххулеб букIараб лъим. Басрияб росулъ жамагIат тIубазе мукъсанабго лъим букIаниги, росдал цIияб авал "ЦIалах" лъедаса тIубанго махIрумлъана.

ГIадамазе бугеб къварилъи бихьун,гъеж гурана росдал жамагIатчи МуртазагIали ХIайбулаевас. Щибаб къоялъ жиндирго Газель автомашинаялда цистернаги лъун, гьес байбихьана щибаб рокъобе хIажатаб лъим щвезабизе кинабгIаги мухьги босичIого. 2-3 моцIалъ, гьеб Аллагьги гIадамалги разияб хIалтIи гьабуралъухъ, жамагIат кутакалда разиго буго МуртазагIалидаса ва гьарулеб буго гьесие гьабулеб хIалтIулъ икъбалталихIги, хъизан-лъималаздаса вохун таги.

МуртазагIали гIемер гIахьаллъула росулъ тIоритIулел жамгIиял хIалтIабазулъги, росу тун къватIире къваригIелалъ унезул машинаялдалъун мурадал тIуразеги.

**Шамил районалъул Ругъелда росдал жамагIаталъ гьарун хъвана Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВАС**

■ ШИГIРИЯБ РАГIИ

*Гьаб Дагъистаналъул борхалъиялда*
*Буго КьилимегIер кьварун хал гьабун,*
*Гьелъул кьалбазда тIад кьучI щула лъураб*
*ТIекьадерил росдал росдегIан тарих*

**Цо тIекьадерил росдал жамагIаталъе гуревги, киналго магIарулазеги гIахьалав, жиндаса бажарараб кумек гьираялда гIадамазеги гьабулев, Гъизилюрт районалъул нухмалъулев Шабанов МухIамад ХIажиевичасе гьитIинабго сайигъат.**



## *Шабанов МухIамад ХIажиевичасде*

*Северный Кавказалда киналго шагьаразда,*
*Шамилил районалда, магIарул тIалъиялда.*
*ТIинав гIолилав вуго гIажаибав лебалав*
*КьвакIарал умумузул ияхI жинца цIунарав.*

*Харабигун рекъарав, ритIухълъигун хьвадулев,*
*ВукIайги МухIамад мун гIолилазе мисаллъун.*
*Кьалул майданалдаги рокьи бижизабулев,*
*Гьарула Шабанов дуй щулияб чорхой сахлъи*

*Чакъалагун рекъечIев, чIухIараб хабар бицинчIев,*
*ЧIахIиял хисаниги хиянатлъи бихьичIев,*
*Баркала кьола дуе рокьулел магIарулаз,*
*МагIнаги гIинги бугев гIолилав мун вукIиналъ.*

*ГIагарал божараца бицен къотIизе течIев,*
*Къварилъиялда ругел ракI-ракIалъ аскIор цIалев,*
*ЦIалуйги хIалтIуеги хIал кIвараб яхI бахъулев,*
*Гьарула мун гIадинал гIемерлъайгиян нижей.*

*Гьанже щиб, чиновникал хIал кIвараб жоги бикьун,*
*Нилъер чинкирги гьабун, чунтби цIуцIун бахъулел.*
*Гьединалищ рукIарал Дагъистаналда васал,*
*Аза-азар сонаца бицен жидер къотIичIел.*

*Дицани гьарилаан гьал диналъул вацазда*
*ГIедегIун хьвадичIого гIодор риччан рукIаян.*
*Дуе рикъзи хъвараб жо бахъичIониги щолеб,*
*Щулияб къотIи бугеб тIад вугев Аллагьасул.*

*Нилъей кьуралда хадур хачадун рукIинчIого,*
*РакI-ракIалъ Аллагь рехсон, сабуралда рукIаян.*
*Кьуро бикьун аниги рикьичIого рукIаян,*
*РакIги мацIги бацIцIадго цIунизе иман кьеян.*

*Шабанов МухIамад, хIал чIахъайги бихьинчи,*
*Рокьиги бажариги буго дуй ирсалъе кьун.*
*Кьварарал гIолохъаби, гIайиб гурел бихьинал,*
*Балагьаздаса цIуне, Аллагь, дуца кидаго !*

**МухIамад ХIабибилаевич НУРМУХIАМАДОВ**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

**УВАЖАЕМЫЕ ЖИТЕЛИ ШАМИЛЬСКОГО РАЙОНА!**

В связи с возникшей тяжелой обстановкой по распространению коронавирусной инфекции в Шамильском районе и увеличением больных пневмонией, прием граждан с понедельника (01.06.2020г.) в МФЦ будет проводиться только по предварительной записи. Создавать очереди и зря тратить свое время не приезжайте без записи.

На сегодняшний день МФЦ посещает очень много людей, поэтому обязательно при себе иметь защитные маски.

**ФГАУ РД МФЦ в РД по Шамильскому району**




■ АУКЦИОН

В результате проведения аукциона по продаже права на заключение договора аренды земельного участка, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Шамильский район, с. Сомода в местности «ГIабасил Пажихъ» с общей площадью 500000+/_6187 кв.м., категория земли - земли сельскохозяйственного назначения, разрешенное использование - сельскохозяйственное использование, кадастровый номер земельного участка: 05:33:000062:233 от 17 марта 2020 года победителем стал Хирамагомедов Хирамагомед Абакарович.

**МО «Сельсовет Ругельдинский» Шамильского района Республики Дагестан**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ.№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун дандекколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI № 50